# Нобэ Урысей Федерацэм и Къэрал махуэшхуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№115 (22.773) ● 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

### Урысейм и Махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Ю. А. цIыхухэм

## ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Нобэ ди хэкум ис лъэпкъхэм ягъэлъапIэ къэралым и махуэшхуэр - Урысейм и Махуэр.

Ди Хэкум и гъащIэр куэдкIэ зыхъуэжа Iуэхухэр зыпыщIа а махуэшхуэр сыт щыгъуи щытынущ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм, ди къэралым и нобэмрэ пщэдеймрэ яхуэгъэза жэуаплыныгъэр, урысей къэралыгъуэм и хабзэхэр хэкур фIыуэ лъагъунымрэ абы и цIыху пэжу щытынымрэ зэрызыхэтщIэм я дамыгъэу.

Урысейм зэманым къыдэкIуа гугъуехьхэр тэмэму къызэринэкIащ икIи зыужьыныгъэ зэпIэзэрытым и гъуэгум тегушхуауэ теуващ. Ди къэралым дунейпсо утыкум щиIэ пщIэр зэи хуэмыдэжу лъагэщ, абы и экономикэ зэфIэкIымрэ цIыхухэм я псэукIэмрэ зэпымыууэ йофIакIуэ.

Дэ икъукIэ дрогушхуэ ди Хэкум, абы и тхыдэ гъуэзэджэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр илъэсищэ бжыгъэкIэрэ Урысей къэралыгъуэр зэтегъэувэным жыджэру хэтащ икIи «Урысейм игъащIэкIэ дригъусэнщ!» жаIэу ди адэжьхэм ятауэ щыта псалъэм зэрыхуэпэжыр IэджэрэкъагъэлъэгъуащЗыхуэбгъэдэн щымыIэ а фIыгъуэр дэри дыхуэсакъыу тхъумэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым и нобэр, абы и къэкIуэнур дэ тщыщ дэтхэнэми и лэжьэкIэм, и граждан зэхэщIыкIым зэрелъытар сыт щыгъуи дигу идгъэлъын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм махуэшхуэмкIэ сохъуэхъу, абыхэм узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну си гуапэщ.

# Ди тхыдэр дыхуэсакъыу дывгъэхъумэ

**<u>Нобэ илъэс 20 ирокъу ди къэралым нэхъ иужькIэ къызэрагъэпэщауэ щыта и махуэшхуэр - Урысейм и Махуэр. Ар къызэрежьамрэ къызэрекIуэкIамрэ куэд тражыIыхьащ икIи тратхыхьащ. Абы къыхэкIыу сэ езы Урысей Федерацэр къызэрежьам и гугъу сщIыну сыхуейщ, сыту жыпIэмэ, иджырей Урысейм а илъэс 20-м кърииубыдэу къызэпича гъуэгум гугъуехьу хэлъар зыхуэдизыр, иджырей цивилизацэр щытепщэ щIыналъэр хъумэнымкIэ къэралым зэфIигъэкIар арыншауэ къыбгурыIуэну гугъущ.</u>**

СССР-м хэт республикэхэм зыми IэщIэмылъ къэралу ягъэIуу щыщIадза, дуней псом къыщалъытэ Союзым и кIуэдыжыгъуэр щынэса 1990 гъэм Солженицин Александр итхауэ щытащ: «Нобэ ди деж гуащIэу щокIуэкI нэхъ къеэзэгъынкIэ хъуну къэрал ухуэкIэр, абы нэхъ псынщIэу дыхуэзышэфыну партыр е «фронтыр» зыхуэдэм теухуа псалъэмакъхэр. Ауэ дыкъызэфIэувэжын папщIэ къэрал ухуэкIэ тэмэм къэдгъуэту абы езэгъын конституцэ гуэри дуцIырхъкIэ зэфIэкIынукъым. Дэ революцэм дыхуэмыпабгъэмэ, къэралыр зэман пыухыкIам кърииубыдэу икIи хабзэ нэхъыфIхэр тфIэмыкIуэду зихъуэжурэ екIуэкIын хуейуэ аращ. Дэ къыхэтхын хуейщ адрейхэм емыщхь, ауэ ди деж нэхъ къыщезэгъ гъуэгур». А псалъэхэр абы щитхам щыгъуэ 1991 гъэм и шыщхьэуIу мазэм екIуэкIа икIи КПСС-м и тепщэныгъэр къуезыгъэлъхьэжа, СССР-р зэтезыкъутэжа зэрыхьзэрийхэр къэхъуным зы илъэс иIэжт.

Нобэм къэс а зэрыхьзэрийм къытхуихьахэр пыухыкIауэ зыми жиIэфакъым. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, абы и щхьэусыгъуэу щытар тепщэныгъэр зыIэщIимыгъэкIыну хущIэкъу властми цIыхубэм ящыщу утыку илъэдахэми Конституцэм къигъэувхэм къемызэгъыу властыр къарукIэ бубыдыныр хабзэншагъэу зэрыщытыр икIи абы папщIэ законым тету жэуапым зэрырашалIэр къызэрамылъытарщ. Аращ нэхъ иужьыIуэкIэ Беловежскэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэнри 1991 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм СССР-р зэтекъутэжынри къыщежьар. Къэрал абрагъуэм и ужьыр Урысей Федерацэми ирагъэхуну хэтт политикэ мурадхэмрэ щхьэхуещагъэмрэ хущIэкъу къаруэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэри дунейпсо, европэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэри. Абыхэм къызэщIагъэуIуат лъэпкъ куэд щыпсэу Урысей Федерацэр зэтекъутэным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ.

***(КIэухыр 2 нэ нап.).***

# Щхьэхуитыныгъэм и махуэ

Мэкъуауэгъуэм и 12-р ди къэралым игъэлъапIэ махуэшхуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ - Урысейм и махуэщ. Урысейм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр къыщащтам и махуэщ ар 2002 гъэ хъуху зэрыщытар. Къапщтэмэ, ди Хэкум игъэлъапIэ махуэшхуэхэм я нэхъ «щIалэщ» ар. 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и ЦIыхубэ депутатхэм я съездым къыщащтащ декларацэр, Урысейм и Конституцэмрэ и унафэхэмрэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр къыщыгъэлъэгъуауэ.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу СССР-м и республикэ зыбжанэм я суверенитетым и унафэ къащтакIэт. Урысейм и къэралыгъуэр гъэбыдэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIахэм ящыщщ абы щыгъуэм къэралым цIэщIэ зэригъуэтар - Урысей Федерацэ. Къапщтэмэ, мэкъуауэгъуэм и 12-м Урысейм игъуэта «махуэшхуэщIэм» къыдэкIуэу япэ Президенти иIэ хъуащ. А махуэм, ауэ 1991 гъэм къэралым и тхыдэм щыяпэ цIыхубэ хэхыныгъэхэр екIуэкIащ икIи Ельцин Борис щытекIуауэ щытащ. 1994 гъэм, Ельциным и унафэкIэ, мэкъуауэгъуэм и 12 махуэм къэрал мыхьэнэ иIэ хъуащ. ИужькIэ нэхъ кIэщIу еджэн папщIэ Щхьэхуитыныгъэм и махуэу ягъэпсат.

Тхыдэм къыхэщыж апхуэдэ Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, гъэ къэс Москва и Ут Плъыжьым концерт ин щокIуэкI. Кремлым кърагъэблагъэ Къэрал саугъэтхэр зратыжынухэр. А махуэшхуэр щагъэлъапIэ къалэ, хэгъуэгу куэдым.




# Дэфтэр нэхъыщхьэр къаIэрохьэж

Урысейм и махуэм ирихьэлIэу ныбжьыщIэ тIощIым дэфтэр нэхъыщхьэр - Урысей Федерацэм и паспортыр - Налшык къалэ администрацэм щратыжащ. Iэтауэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ къалэ администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Налшык къалэ и Ветеранхэм я советым и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**, Iэпхъуэшапхъуэхэм ядэлэжьэнымкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и Налшык къудамэм и унафэщI **Яковишинэ Иринэ**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Макаев Мулид**, Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI **Бузд Беслъэн** сымэ.

Паспорт иратыжащ Багировэ Миланэ, Бозий Алим, Боташев Артём, Дадашев Артём, Ержыб Албэч, Жанатаев Шамил, Жьанэ Астемыр, Заникоев Мурат, Къып Алинэ, Къуэдзокъуэ Къантемыр, Къущхьэунэ Азэмэт, Лыхь Ислъам, Марцалов Сослъэнбэч, Уваров Александр, Бжьахъуэ Еленэ, Хъусин Ахъмэт, Чудопал Дарье, Щоджэн Каринэ, Шыгъушэ Ахьмэд, Ивановэ Анастасие.

- Нобэрей махуэр фэркIэ телъыджэщ - Урысей Федерацэм и цIыхуу фызэрыщытым щыхьэт техъуэ тхылъ къыватащ. Гъуэгуанэшхуэ къыикIуащ ди къэралым, куэд игъэващ. ИтIани зихъумэжащ. БалигъыпIэ фиувэщи, а псор зэхэфщIыкIыу Хэкум гурэ псэкIэ фыхуэпэжын хуейщ. Хэкупсэу щытыныр, си гугъэмкIэ, дэтхэнэ цIыхуми и дежкIэ нэхъыщхьэщ. Зи Хэкур фIыуэ зылъагъурщ къэралым и цIыху нэс къызыхэкIыфынур. Догугъэ абы и щIыхьыр зыхъумэн фыхъуну! - псалъэ гуапэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

Абдуллаев Мустэфа фIыщIэ яхуищIащ зи бын щэн дахэ хэлъу зыгъасэ адэ-анэхэм. НыбжьыщIэхэм гъащIэм къащыхуэсэбэпын чэнджэщхэр яритащ.

- Къэралым и цIыху ухъуныр Iуэху цIыкIукъым. ЩIыхь пылъу уеджэн, улэжьэн, цIыхухэм уахэтын хуейщ. Фи пщэ къыдэхуэ къалэнхэр нэхъыбэ зэрыхъури зыщывмыгъэгъупщэ. Нобэ къыфIэрыхьа дэфтэрым пщIэ хуэфщI, - яжриIащ абы щIэблэм.

НыбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ жаIащ махуэр гукъинэж зэращыхъуар икIи зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIащ.

ЗэIущIэр къызэIуахащ икIи зэхуащIыжащ УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэмкIэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлIам, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм, илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

**цIэ лъапIэхэр яфIэщын**:

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр</u>***

**БищIо ХьэIишэт Iэуес и пхъум** - Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн муниципальнэ районым я «Центральнэ район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и поликлиникэ къудамэ №1-м и психиатр-нарколог дохутырым

**Нэзэр Лидэ СэIэдулэ и пхъум** - Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн муниципальнэ районым я «Центральнэ район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и поликлиникэ къудамэ №2-м и терапевт участкэм и дохутырым-терапевтым

**Осиповэ Верэ Владимир и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Психоневрологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм сымаджэхэм еIэзэнымкIэ и къуэдзэм

**Ефэнды Марие Къэралбий и пхъум** - анестезиолог-реаниматолог дохутырым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «СПИД-мрэ уз зэрыцIалэхэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ, абыхэм ебэнынымкIэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм реанимацэмрэ терапиемкIэ и къудамэм и унафэщIым

**Дзэгъэл Марат Мусэ и къуэм** - хирург дохутырым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIым.

**Пашевкин Олег Евгений и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм

**АфIэунэ Марат Анатолий и къуэм** - офтальмолог дохутырым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм нэм и микрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIым,

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр</u>***

**Биттировэ Хьэлимэт Танук и пхъум** - Налшык къалэм и «Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ станц» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и фельдшер нэхъыжьым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м*
*№130-УГ*

# Украинэм щыщ сабийуэ 500 къырагъэблагъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий зэрыхуигъэувам тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIигъэкIащ Украинэм и щIыналъэр зыбгынэн хуей хъуахэм я сабийуэ 500-м зегъэгъэпсэхуным хуэгъэзауэ. Абыхэм зыхуей хуэзэу икIи нэгузыужьу зэманыр ягъэкIуэн папщIэ республикэм и санаторэхэм, пансионатхэм, турбазэхэм, альплагерхэм зыхуеину псори къыщызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу сабий нэхъ цIыкIухэм ящIыгъуну адэ-анэр зыщIэсыну пэшхэри хьэзырщ.

КъБР-м и Правительствэм и деж къыщызэрагъэпэщащ Украинэм щыщ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр тэмэму егъэкIуэкIыныр зи пщэ иралъхьа оперативнэ штаб.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ***

# Аарон тхылъ етх

**<u>Мы махуэхэм КъБР-м къэкIуауэ щохьэщIэ Израилым и Тель-Авив къалэм дэт университетым и профессор Аарон Яир, Кфар-Камэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу щIалэхэу Нэпсо Рудинрэ Тхьэухъуэ Зухьеррэ.</u>**

ЯИР куэд щIауэ йолэжь нэхъапэм лъэпкъхэм къыкIэлъызэрахьа лейр къэхутэным, абы зэхэзехуэн ищIа цIыхухэм я гъащIэ хъуар зригъэщIэным. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди къэралым щыIа журтхэм я натIэ хъуам теухуа тхылъ профессорым егъэхьэзыр, апхуэдэуи фильм трех. ЩIалэхэр япэ КъШР-м хыхьэ Беслъэней къуажэм щыIащ. Ахэр яхуэзащ журт сабийуэ адыгэ унагъуэхэм щапIа, адыгэу фIэкIа зыкъэзымылъытэж беслъэнейдэсхэм.

Блыщхьэм хьэщIэхэр еблэгъащ журт унагъуищ зауэ зэманым ди деж щызыгъэIа, Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Балъкъыз ХьэфIыцIэрэ КIуакIурэ я унагъуэм. Ахэр хуэзащ ХьэфIыцIэрэ КIуакIурэ я къуэ, журт сабийхэм дапIа, иджыпсту зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу Балъкъыз Лолэ. Хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къиIуэтэжащ Лолэ икIи дэлъху, шыпхъу пэлъытэу иIахэр щIэх-щIэхыурэ игу къызэрыкIыр жиIащ.

Профессорым и тхылъым хигъэхьэну куэд къыщищIащ а унагъуэми абы я гъунэгъухэм я дежи, апхуэдэуи и лъэпкъэгъухэр зэзышэлIа адыгэхэм ещхьу псэ къабзэ зиIэ, гуапагъэ мыкIуэщI зыхэлъ нэгъуэщI зы щIыпIи зэрыщримыхьэлIар жиIащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# КъБР-м щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Щэнхабзэм и илъэсым

Нобэ, Урысейм и Махуэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Налшык къалэм и администрацэмрэ фрагъэблагъэ Налшык паркым щыIэну цIыхубэ зэхыхьэшхуэм фыхэтыну. Аттракционхэм я къалэ цIыкIум нобэ «Си республикэ - си Урысей» махуэшхуэ концерт щатынущ республикэм и артист нэхъыфIхэм. Апхуэдэу «Урысейр псоми ди унэщ» псалъэхэм щIэту сабийхэм я сурэтхэр ягъэлъэгъуэнущ, цIыкIухэр асфальтым сурэт тещIыхьынымкIэ зэпеуэнущ.

Зэхыхьэм щыщIидзэнур сыхьэт 16-рщ.

## Мы махуэхэм

### Мэкъуауэгъуэм и 12, *махуэку*

♦**Урысей Федерацэм и Къэрал махуэшхуэщ.** 1990 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетым и Декларацэр къащтащ.

♦**Киров, Сургут, Пермь, Уфа къалэхэм я махуэщ.**

♦1942 гъэм Зеикъуэ къуажэм (КъБАССР) къагъэIэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

♦1945 гъэм Калинин М. И. Кремлым маршал Жуков Г. К. щритащ Совет Союзым и ЛIыхъужьым и ещанэ Дыщэ Вагъуэр.

♦1990 гъэм «Печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ ятеухуауэ» Законыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ. Абы цензурэр игъэкIуэдыжащ.

♦Драматург, АР-м и цIыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Чапай Мурат** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 13, *мэрем*

♦1936 гъэм Къэбэрдей къэрал лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Искусствоведением и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Тыркумэн консерваторэм и унафэщIым и къуэдзэ **Абыкъуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, ветеринар щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Аргун МуIэед** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакIуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 14, *щэбэт*

♦**УФ-м Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Лъы зытым и дунейпсо махуэщ**

♦1936 гъэм КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦1940 гъэм франджы командующэ нэхъыщхьэ Вейган и унафэкIэ, зауэ хэмыту Париж нэмыцэ-фашистыдзэм иратащ.

♦Адыгей усакIуэ, драматург, егъэджакIуэ **ЛIыхэс Мухьдин** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ дуней псом плIэнейрэ, Европэм щэнейрэ я чемпионкэ **Танокъуэ Екатеринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Журналист, усакIуэ **Хьэщыкъуей Олег** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Радиожурналист, усакIуэ **Аброкъуэ Беллэ** къыщалъхуа махуэщ.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦**Жьым и дунейпсо махуэщ**

♦**Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Адэм и дунейпсо махуэщ**

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и дэлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Алътыншаш, абы и щхьэгъусэ Бекбулат, а тIум я къуэ Саин-Булат и гъусэу Москва нэсащ.

♦1862 гъэм Америкэм щыщ Гатлинг Ричард япэу пулемёт къигупсысащ.

♦СССР-м и унафэщIу щыта **Андропов Юрий** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Туаршы Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрий** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 16, *блыщхьэ*

♦1930 гъэм Волгоград (Сталинград) трактор заводыр лажьэу яутIыпщащ.

♦1963 гъэм Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кхъухьым ису хьэршым лъэтащ.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Блэр бэгмэ, и гъуэм ихуэжыркъым.**

# ТопджэгумкIэ XX дунейпсо зэпеуэм и махуэгъэпс

## A

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Бразилие | | | | | | | |
| Хорватие | | | | | | | |
| Мексикэ | | | | | | | |
| Камерун | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 12,** *махуэку:* **23.59** Бразилие - Хорватие
**Мэкъуауэгъуэм и 13,** *мэрем:* **20.00** Мексикэ - Камерун
**Мэкъуауэгъуэм и 17,** *гъубж:* **23.00** Бразилие - Мексикэ
**Мэкъуауэгъуэм и 19,** *махуэку:* **02.00** Камерун - Хорватие
**Мэкъуауэгъуэм и 23,** *блыщхьэ:* **23.59** Камерун - Бразилие, **23.59** Мексикэ - Хорватие

## B

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Испание | | | | | | | |
| Нидерландхэр | | | | | | | |
| Чили | | | | | | | |
| Австралие | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 13,** *мэрем:* **23.00** Испание - Нидерландхэр
**Мэкъуауэгъуэм и 14,** *щэбэт:* **02.00** Чили - Австралие
**Мэкъуауэгъуэм и 18,** *бэрэжьей:* **20.00** Австралие - Нидерландхэр, **23.00** Испание - Чили
**Мэкъуауэгъуэм и 23,** *блыщхьэ:* **20.00** Австралие - Испание, **20.00** Нидерландхэр - Чили

## C

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Колумбие | | | | | | | |
| Алыдж | | | | | | | |
| Кот-д-Ивуар | | | | | | | |
| Япония | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 14,** *щэбэт:* **20.00** Колумбие - Алыдж
**Мэкъуауэгъуэм и 15,** *тхьэмахуэ:* **05.00** Кот-д-Ивуар - Японие
**Мэкъуауэгъуэм и 19,** *махуэку:* **20.00** Колумбие - Кот-д-Ивуар
**Мэкъуауэгъуэм и 20,** *мэрем:* **02.00** Японие - Алыдж
**Мэкъуауэгъуэм и 24,** *гъубж:* **23.59** Японие - Колумбие, **23.59** Алыдж - Кот-д-Ивуар

## D

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Уругвай | | | | | | | |
| Коста-Рикэ | | | | | | | |
| Инджылыз | | | | | | | |
| Италие | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 14,** *щэбэт:* **23.00** Уругвай - Коста-Рикэ
**Мэкъуауэгъуэм и 15,** *тхьэмахуэ:* **02.00** Инджылыз - Италие
**Мэкъуауэгъуэм и 19,** *махуэку:* **23.00** Уругвай - Инджылыз
**Мэкъуауэгъуэм и 20,** *мэрем:* **20.00** Италие - Коста-Рикэ
**Мэкъуауэгъуэм и 24,** *гъубж:* **20.00** Италие - Уругвай, **20.00** Коста-Рикэ - Инджылыз

# Бразилием и текIуэныгъэхэм къыпищэну?

**Ныжэбэ сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 15-м гуфIэгъуэ щытыкIэм иту Бразилием къыщызэIуахынущ футболымкIэ XX дунейпсо чемпионатыр. ИлъэсиплI къэс зэ екIуэкI а зэпеуэшхуэм хэтыну зэхуэсащ ЩIы хъурейм и щIыпIэ псоми къыщыхаха командэ нэхъ лъэщ дыдэу 32-рэ. Командэ плIырыплI зыхэт гупийуэ гуэшауэ ахэр зэныкъуэкъунущ, нэхъыфIхэр адэкIэ кIуатэурэ. Мазэм нэблагъэкIэ зэхэтыну зэхьэзэхуэм наIуэ къищIынущ дуней псом щынэхъ лъэщ командэр дэтхэнэрами.**

ФутболымкIэ дунейпсо федерацэр (ФИФА) 1904 гъэм накъыгъэм и 21-м Париж къыщызэрагъэпэщащ. Абы и япэ зэIущIэхэм ящыщ зым къыщыхалъхьат дуней псом футболымкIэ и командэ къыхэха нэхъ лъэщ дыдэр зэхэгъэкIынымкIэ зэхьэзэхуэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр. Арщхьэкlэ, федерацэ къызэрагъэпэщагъащIэм абы текIуэдэну мылъкур хузэхуэхьэсакъым икIи а IуэхугъуэфIыр пIалъэкIэ тхылъымпIэхэм къинэжащ.

Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я командэ къыхэхахэм я къару зэхэгъэкIыпIэу нэхъапэм щыIар Олимп Джэгухэрщ. Ауэ абы хэтыну хуитыр футболыр зи IэщIагъэу щымытхэрт икIи топ джэгуныр IэщIагъэу куэд дыдэм къызэрыхахым ФИФА-м и лэжьакIуэхэр нэхъ иригъэгупсысхъуащ дуней псом и футболист Iэзэхэр зыхэтыфыну зэхьэзэхуэ къызэгъэпэщыным.

Апхуэдэ зэпеуэм пэгъунэгъу дыдэ щыхъуар 1924 гъэм Париж щекIуэкIа Олимп Джэгухэм иужькIэщ. Абы хэтащ футбол командэ 22-рэ икIи япэ дыдэу зэхьэзэхуэм ирихьэлIа Уругвайм и лIыкIуэхэр псоми ятекIуауэ щытащ. Дэтхэнэ зы зэIущIэми хуабжьу дихьэхыу еплъащ цIыху минхэр икIи гурыIуэгъуэ хъуащ футболыр адрей спорт лIэужьыгъуэхэм икъукIэ зэращхьэдэхар.

1926 гъэм ФИФА-м и къыкIэлъыкIуэ конгрессым къыщаIэтащ футболыр Олимп Джэгухэм я къупхъэхэм зэрыпхуимыгъэзэгъэжынур. Абы къэрикIуэу ФутболымкIэ дунейпсо федерацэм и гъэзэщIакIуэ комитетым къызэригъэпэща комиссэм и пщэ иралъхьащ Дунейпсо кубок зэхьэзэхуэр зэребгъэкIуэкI хъуну Iэмалхэр къилъытэну. Илъэсит1 дэкIри, Дунейпсо зэпеуэр зэрекIуэкIынум и унафэ Амстердам (Нидерландхэм) къыщащтащ.

Зэи къэмыхъуа зэхьэзэхуэ телъыджэр япэу я къэралым щрагъэкIуэкIыну щIэхъуэпсырт Италиер, Испаниер, Швециер, Нидерландхэр, Уругвайр. ИкIэм-икIэжым Уругвайр текIуащ. АбыкIэ тегъэщIапIэ лъэщ хъуащ ар иужьрей Олимп джэгугъуитIым зэрыщытекIуамрэ ФИФА-м къигъэув мылъку Iуэхугъуэхэр ягъэзэщIэну а къэралыгъуэм и лIыкIуэхэм я пщэ зэрыдалъхьэжамрэ.

ФИФА-м и кубокыр игъэхьэзырыну хуагъэфэщащ франджы дыщэкI Лефлер Абель. Дыщэм къыхэщIыкIа Кубокым сантиметр 30 и лъагагът, килограмми 3,8-рэ и хьэлъагът.

1970 гъэм Бразилием и командэ къыхэхар ещанэу дунейпсо чемпион хъуащ. Зэхьэзэхуэр зэрырагъэкIуэкI хабзэм ипкъ иткIэ, кубокыр абыхэм игъащIэкIэ зэрахьэну иратащ. Арщхьэкlэ илъэс пщыкIущкIэ фIэкIа яхъумэфакъым - IэщэкIэ зэщIэузэда хъунщIакIуэхэм ар ядыгъуащ икIи ягъуэтыжакъым. Щымыхъум, сурэтхэм еплъурэ, кубокым ещхь дыдэу ящIауэ зэрахьэ.

1974 гъэм къыщыщIэдзауэ щыIэр нэгъуэщI теплъэ зиIэ Кубокщ. Иджы ар зэIэпахщ. Италием щыщ Газзаниго Сильвио и IэдакъэщIэкIыр къызыхэщIыкIар зэрыщыту дыщэщ икIи адрейм йофIэкI - и лъагагъыр сантиметр 36-рэ, и хьэлъагъыр килограмми 4,97-рэ мэхъу. Зэпеуэм щытекIуэхэм дыщэм къыхэщIыкIа Кубок зэIэпахым къыдэкIуэу, абы хуэдэ дыдэ теплъэ зиIэ, дыщэпс тегъэлъэдауэ иратыпэ.

Псори зэхэту екIуэкIа дунейпсо зэпеуэ 19-м нэхъыбэ дыдэрэ (тхуэнейрэ) Бразилием и командэ къыхэхар щытекIуащ. Абы и гъуащхьауэ цIэрыIуэ Пеле, топджэгум и пащтыхьу ябжым, щэнейрэ дыщэ медалыр къратащ. Апхуэдэ зыхузэфIэкIа нэгъуэщI зыри щыIэкъым. Иджырей зэпеуэхэр я къэралыгъуэм зэрыщекIуэкIыр къэплъытэмэ, Бразилиер еханэуи дунейпсо чемпион хъуфынущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

## E

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Швейцарие | | | | | | | |
| Эквадор | | | | | | | |
| Франджы | | | | | | | |
| Гондурас | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 15,** *тхьэмахуэ:* **20.00** Швейцарие - Эквадор, **23.00** Франджы - Гондурас
**Мэкъуауэгъуэм и 20,** *мэрем:* **23.00** Швейцарие - Франджы
**Мэкъуауэгъуэм и 21,** *щэбэт:* **02.00** Гондурас - Эквадор
**Мэкъуауэгъуэм и 25,** *бэрэжьей:* **23.59** Гондурас - Швейцарие, **23.59** Эквадор - Франджы

## F

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Аргентинэ | | | | | | | |
| Босниемрэ Герцеговинэмрэ | | | | | | | |
| Иран | | | | | | | |
| Нигерие | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 16,** *блыщхьэ:* **02.00** Аргентинэ - Босниемрэ Герцеговинэмрэ, **23.00** Иран - Нигерие
**Мэкъуауэгъуэм и 21,** *щэбэт:* **20.00** Аргентинэ - Иран
**Мэкъуауэгъуэм и 22,** *тхьэмахуэ:* **02.00** Нигерие - Босниемрэ Герцеговинэмрэ
**Мэкъуауэгъуэм и 25,** *бэрэжьей:* **20.00** Нигерие - Аргентинэ, **20.00** Босниемрэ Герцеговинэмрэ - Иран

## G

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Германие | | | | | | | |
| Португалие | | | | | | | |
| Ганэ | | | | | | | |
| США | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 16,** *блыщхьэ:* **20.00** Германие - Португалие
**Мэкъуауэгъуэм и 17,** *гъубж:* **02.00** Ганэ - США
**Мэкъуауэгъуэм и 21,** *щэбэт:* **23.00** Германие - Ганэ
**Мэкъуауэгъуэм и 23,** *блыщхьэ:* **02.00** США - Португалие
**Мэкъуауэгъуэм и 26,** *махуэку:* **20.00** США - Германие, **20.00** Португалие - Ганэ

## H

| Командэхэр | 1 | 2 | 3 | 4 | Топхэр | О | УвыпIэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Бельгие | | | | | | | |
| Алжир | | | | | | | |
| Урысей Федерацэ | | | | | | | |
| Корее Ипщэ | | | | | | | |

**Мэкъуауэгъуэм и 17,** *гъубж:* **20.00** Бельгие - Алжир
**Мэкъуауэгъуэм и 18,** *бэрэжьей:* **02.00** Урысей Федерацэ - Корее Ипщэ
**Мэкъуауэгъуэм и 22,** *тхьэмахуэ:* **20.00** Бельгие - Урысей Федерацэ, **23.00** Корее Ипщэ - Алжир
**Мэкъуауэгъуэм и 26,** *махуэку:* **23.59** Корее Ипщэ - Бельгие, **23.59** Алжир - Урысей Федерацэ


Дунейпсо Кубокыр

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 28, 20.00 |
|---|---|
| A1 | |
| B2 | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 28, 23.59 |
|---|---|
| C1 | |
| D2 | |

| Финалым и 1/4-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 4, 23.59 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/2-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 8, 23.59 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/4-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 5, 20.00 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 30, 20.00 |
|---|---|
| E1 | |
| F2 | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 30, 23.59 |
|---|---|
| G1 | |
| H2 | |




| Финал | Бадзэуэгъуэм и 13, 23.00 |
|---|---|
| | |
| | |

| Ещанэ увыпIэм папщIэ зэIущIэ | Бадзэуэгъуэм и 12, 23.59 |
|---|---|
| | |
| | |


Чемпион хъунур щызэхэкIыну „Маракана" стадион цIэрыIуэр

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 29, 20.00 |
|---|---|
| B1 | |
| A2 | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Мэкъуауэгъуэм и 29 23.59 |
|---|---|
| D1 | |
| C2 | |

| Финалым и 1/4-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 4, 20.00 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/2-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 9, 23.59 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/4-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 5, 23.59 |
|---|---|
| | |
| | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 1, 20.00 |
|---|---|
| F1 | |
| E2 | |

| Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ | Бадзэуэгъуэм и 1, 20.00 |
|---|---|
| H1 | |
| G2 | |


Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зэхьэзэхуэм хуэхьэзырщ

### Дунейпсо чемпионатхэм щытекIуахэр

| Илъэсыр | ЩекIуэкIа къэралыр | Чемпион хъуар |
|---|---|---|
| 1930 | Уругвай | Уругвай |
| 1934 | Италие | Италие |
| 1938 | Франджы | Италие |
| 1950 | Бразилие | Уругвай |
| 1954 | Швейцарие | ФРГ |
| 1958 | Швецие | Бразилие |
| 1962 | Чили | Бразилие |
| 1966 | Инджылыз | Инджылыз |
| 1970 | Мексикэ | Бразилие |
| 1974 | ФРГ | ФРГ |
| 1978 | Аргентинэ | Аргентинэ |
| 1982 | Испание | Италие |
| 1986 | Мексикэ | Аргентинэ |
| 1990 | Италие | ФРГ |
| 1994 | США | Бразилие |
| 1998 | Франджы | Франджы |
| 2002 | Японие/Корее | Бразилие |
| 2006 | Германие | Италие |
| 2010 | Африкэ Ипщэ | Испание |
| 2014 | Бразилие | ? |

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур макъуауэгъуэм и 17-рщ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(1, 4, 6-нэ нап.)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(2, 3, 5-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.687 • Заказ №1156